



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LEKÒL ISTORIK NAN SCHENECTADY KI REBATI  
NAN LIDE POU L SÈVI KÒM LOJMAN ABÒDAB POU GRANMOUN AJE**

***Elmer Gardens, ki koute 23 milyon dola, delivre 51 apatman modèn, ki totalman elektrik, ak sèvis sipò***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke Lekòl Elemantè Elmer Avenue ki te vid depi lontan nan katye Eastern Avenue nan Schenectady a pral transfòme an yon kominote lojman abòdab ak sipò ki koute 23 milyon dola, ki gen 51 inite. Elmer Gardens ofri apatman modèn ki totalman elektrik pou rezidan ki gen 55 an oswa plis, tankou moun k ap lite ak pwoblèm sanzabri, tout pandan y ap prezève karaktè istorik lekòl la epi bay koridò Eastern Avenue nouvo lavi nan vil la. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk te kreye oswa prezève plis pase 800 kay abòdab nan Konte Schenectady, ki gen ladan plis pase 600 nan vil Schenectady. Elmer Gardens kontinye efò sa a ak konplete Plan Lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"Pwojè tankou Elmer Gardens demontre kijan nou ka an menm tan onore istwa nou epi ouvri pòt pou lojman abòdab ki gen kalite siperyè nan kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou konvèti yon byen istorik nan kominote a an kay modèn ki ekonomize enèji, n ap ogmante rezèv lojman nou yo pandan n ap transfòme koridò trankil yo an yon kote ki vivan ki bay granmoun aje yo yon anviwònman ki bay sipò kote yo ka konekte epi viv poukont yo. Elmer Gardens reflekte angajman administrasyon mwen an pou ranfòse kominote yo atravè Rejyon Kapital la ak nan tout eta a."

Elmer Gardens, devlope pa Home Leasing, LLC ak Better Community Neighborhoods, Inc., ki prezève lekòl istorik la, ki te fèmen an 2018. Yo te konstwi bilding orijinal la an 1905 nan etil newoklasik epi yo te agrandi li an 1968 avèk yon paviyon modèn. Renovasyon yo kenbe karaktè estrikti a epi yo satisfè estanda reyabilitasyon istorik Sèvis Pak Nasyonal la. Yo te kreye apatman nan espas salklas ki te deja egziste yo, yo te restore ouvèti fenèt nan bilding 1905 la, yo te konsève oditoryòm orijinal la pou sèvi kòm yon sal kominotè pou lokatè yo, epi yo te ajoute yon nouvo asansè.

Pwojè a kontinye efò revitalizasyon sou Eastern Avenue epi li konplete lòt investisman eta nan lojman abòdab nan vil la, tankou Windsor Terrace Apartments ak Renaissance Square Apartments, ki te prezève Lekòl St. Mary a. Elmer Gardens sitiye toupre yon arè

bis Otorite Transpò Distri Kapital (Capital District Transit Authority) ki bay aksè ak sant vil Schenectady ak sant vil Troy. Li sitiye toupre restoran ak boutik, yon famasi, yon mache alimantè, twa lekòl, yon sant pou granmoun aje, ak yon bibliyotèk. Karakteristik ki konsantre sou rezidan yo gen ladan espas rasanbleman kominotè, yon sal kondisyonman fizik, yon lakou rekreyasyon entèjenerasyonèl pou vizit fanmi rezidan yo, ak yon teras jaden amenaje.

Tout apatman yo nan pri abòdab pou fanmi k ap touche jiska 60 pousan Revni Mwayen Zòn nan. Vennsis apatman ofri sipò sou plas pou rezidan ki pa gen kay. Pwogram Aksyon Kominotè Schenectady a bay sèvis yo epi yo gen ladan asistans endividyèl pou ede rezidan yo kenbe yon lojman ki estab epi viv poukont yo.

Bilding lan totalman elektrik, li gen sistèm solè sou do kay la, sistèm HVAC ki ekonomize enèji, aparèy ENERGY STAR, ak fenèt ki gen gwo pèfòmans. Devlopman an gen ladan apatman ki aksesib nèt e ki adaptab pou akomode rezidan ki gen pwoblèm mobilite, pwoblèm tande ak pwoblèm vizyon.

Finansman eta a pou Elmer Gardens gen ladan l pwogram Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni ki Ba Eta ak Federal la, ki espere jenere apeprè 10 milyon dola an ekite ak 4.7 milyon dola an sibvansyon. Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta Nouyòk la te fasilite itilizasyon 6.3 milyon dola nan Kredi Taks pou Reyabilitasyon Istorik Federal ak Eta a. Otorite Rechèch ak Devlopman pou Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay 204,000 dola atravè Nouvo Pwogram Konstriksyon Lojman. Vil Schenectady te bay 236,000 dola nan fon HOME. Konte Schenectady te bay 200,000 dola. Community Preservation Corporation te bay yon prè pèmanan 1.3 milyon dola. Sibvansyon pou lwaye ak fonksyonman inite lojman sipò yo finanse atravè pri Inisyativ Lojman ki Bay sipò (Supportive Housing Initiative) Empire State la ke Depatman Sante Eta Nouyòk (New York State Department of Health, NYSDOH) la administre.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal) nan Eta Nouyòk, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòk ap bay priyorite a devlopman ki konbine dirabilite, sèvis sipò, ak revitalizasyon kominote a. Elmer Gardens se yon egzanp kijan investisman estratejik eta yo ka prezève bilding istorik yo epi bay lojman abòdab, efikas nan domèn enèji ki satisfè bezwen kominote nou yo. Pwojè 23 milyon dola sa a pral pèmèt granmoun aje yo jwi establite ak sipò yo merite nan Schenectady."

**Komisè pa entèrim Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Kathy Moser, te deklare,** "Lekòl yo ak bilding lekòl yo se pwen ankraj nan kominote yo atravè Nouyòk. Re-aktive espas vid sa yo kòm kominote rezidansyèl abòdab e ki bay sipò pou granmoun aje yo se yon pwochen chapit ki apwopriye pou bilding ki te nourri plizyè jenerasyon timoun lekòl. Nou apresye opòtinite pou nou fè pati travay sa a lè pwojè yo itilize pwogram kredi taks reyabilitasyon istorik yo epi nou bat bravo pou lidèchip

Gouvènè Hochul ki priyorize lojman ki an sekirite epi abòdab nan kominote yo atravè eta a."

**Komisè Sante Eta Nouyòk, Doktè James McDonald, te deklare,** "Lojman ak sante mache men nan men. Lè nou bay granmoun aje yo lojman aksesib ak sipò, tankou moun ki malad oswa ki pa gen kay, nou asire rezidan yo ka viv an sekirite, poukont yo epi avèk resous yo bezwen pou yo reyisi. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman san fay li pou konstwi kominote ki pi an sante atravè New York."

**Direktè pa Enterim Biwo Eta Nouyòk pou Granmoun Aje a, Greg Olsen, te deklare,** "Ajanda Gouvènè Hochul la pou lojman abòdab kontinye bay bon rezilta pou granmoun aje yo atravè Nouyòk ki deklare ke lojman abòdab ak fasilite fè pati pi gwo priyorite yo. Pwojè sa a, ki te yon kote pou timoun piti te aprann yon lè, esansyèlman retabli yon bilding lekòl istorik selon objektif orijinal li pou asire vitalite kominote a ak opòtinite pou Nouyòkè yo — kounye a, pou rezidan yo nan yon etap pi avanse nan lavi yo. Pwòksimite li ak sèvis lokal yo ak transpò piblik la pèmèt tou pou rezidan ki pi gran yo rete endepandan gras ak aksè ak tout karakteristik enpòtan yon kominote ki vrèman konekte e ki favorab pou viv ladan l."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority) la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Devlopman lojman abòdab ki totalman elektrik sa a mete aksan sou kijan yon konsepsyon entelijan, enèji solè sou plas, ak karakteristik ki efikas anpil ka travay ansanm pou ekonomize enèji ak bay rezidan yo espas pou yo viv pi an sante. Pwojè tankou Elmer Gardens yo enpòtan anpil pou asire tranzisyon enèji pwòp la bay benefis byen koni pou Nouyòkè yo ak kominote yo atravè eta a."

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Chak granmoun aje nan Rejyon Kapital la merite yon kote ki an sekirite e abòdab pou yo rele lakay yo. Mwen fyè dèske Kredi Taks pou Lojman Moun ki gen Revni Ba federal ke mwen te travay di pou pwoteje ak elaji a ansanm ak lòt pwogram federal yo te bay plis pase 13 milyon dola pou ede konvèti ansyen lekòl istorik Elmer Avenue an plis pase 50 nouvo kay abòdab pou granmoun aje nan Elmer Gardens nan Schenectady. Depans lojman ki wo se yon faktè kle enflasyon kidonk nou dwe konstui plis lojman pou travayè yo pou bese pri ki elve sa yo. Mwen bat bravo pou travay Gouvènè Hochul pou ogmante aksè a lojman pou fanmi k ap travay ak granmoun aje nan Konte Schenectady ak nan tout Rejyon Kapital la, epi m ap kontinye travay pou bay resous federal pou bay plis lojman abòdab nan tout Nouyòk."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Granmoun aje nou yo merite aksè ak kay ki an sekirite epi abòdab kote yo ka vyeyi ak diyite. Finisman Elmer Gardens ap ede asire ke granmoun aje nan Rejyon Kapital la gen aksè ak opsyon lojman yo bezwen an. Mwen anvi wè chanjman pozitif pwojè sa a pral pote nan kominote a, epi m ap kontinye goumen pou finansman federal pou elaji lojman modèn ak abòdab nan tout eta nou an."

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Mwen kontan anpil pou selebre finisman konstriksyon Elmer Gardens, yon etap enpòtan nan lit nou pou asire ke chak Nouyòkè

gen aksè a lojman ki an sekirite epi abòdab ki satisfè bezwen yo. Devlopman lojman pou granmoun aje ki gen 51 inite sa a pral yon adisyon eksepsyonèl nan plis pase 800 kay abòdab ki deja fini nan Konte Schenectady sou gouvènman Gouvènè Hochul la, pou bay asistans ak sèvis sipò endividyèl pou rezidan ki pi bezwen yo. Lè nou restore yon bilding lekòl istorik pou fè l tounen yon devlopman lojman dirab ki totalman elektrik, pwojè sa a se yon bèl egzanp sou kijan nou ka revitalize enfrastrikti ki egziste deja a pou ede konstwi yon pi bon avni pou tout moun. Mwen fyè de patenarya federal-eta a ki te ede rann moman sa a posib, epi mwen anvi wè kijan rezidan Schenectady yo pral benefisye li pou jenerasyon k ap vini yo."

**Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare,** "Elmer Gardens se kalite investisman ki enpòtan isit la nan Schenectady. Lè pwojè sa a transfòme yon ansyen lekòl nan katye a an lojman an sekirite, abòdab ak sipò sou plas, li ranfòse kominote ki antoure a epi li kenbe yon bilding lokal familye k ap sèvi yon nouvo objektif. Li ede asire ke moun nan zòn nou an gen yon kote ki estab pou yo rete epi li reflekte kalite lojman pratik, santre sou kominote a, ke nou bezwen plis toujou."

**Gary McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare,** "Nou remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè Visnauskas pou sipò eksepsyonèl yo bay kominote tankou Schenectady ki vle kreye lojman abòdab ki gen kalite siperyè. San èd yo, nou pa t ap ka bati yon nouvo avni pou ansyen lekòl Elmer Avenue a, sove bilding istorik sa a epi fè li tounen yon nouvo kay pou granmoun aje nou yo. Nou remèsye Home Leasing tou pou angajman yo nan transfòme bilding sa a epi ekip devlopman ekonomik lokal nou an ki te ede fè yon lòt pwojè konstriksyon difisil parèt fasil."

**Prezidan Lejislati Konte Schenectady a, Gary Hughes, te deklare,** "Pou anpil moun nan kominote nou an, ansyen lekòl Elmer Avenue an kenbe souvni pou tout lavi, epi prezève yon kote ki gen kalite istwa sa a pandan y ap ba li yon nouvo objektif se yon bagay ki vo pou selebre. Kounye a, Elmer Gardens bay lojman ki gen kalite siperyè ak abòdab pou granmoun aje yo, tout pandan y ap prezève karaktè katye a, epi nou rekonesan anvè Eta Nouyòk ak Gouvènè Hochul pou patenarya ak investisman yo ki te ede fè pwojè sa a posib."

**Prezidan Otorite Devlopman Metroplex Schenectady a, Ray Gillen te deklare,** "Investisman sa a nan katye Eastern Avenue a se yon gwo ogmantasyon pou prezèvasyon istorik ak revitalizasyon katye a. Schenectady te youn nan premye moun ki te adopte pwogram Gouvènè Hochul la pou ankouraje konstriksyon plis lojman epi nou wè rezilta yo atravè konte a."

**Direktris Jeneral Home Leasing, Megan Houppert te deklare,** "Elmer Gardens reflekte angajman pwofon Home Leasing pou kreye lojman abòdab ki en kalite siperyè ki pèmèt granmoun aje yo kenbe establite ak endepandans. Nou fyè dèske nou pral asosye ankò avèk Better Community Neighborhoods, Inc. (BCNI). (BCNI) sou dezyèm pwojè nou an ansanm, konbine lojman abòdab ak sipò ak prezèvasyon yon moniman istorik kominotè. Gras a kolaborasyon sa a, n ap delivre kay ki pa sèlman abòdab e ki

efikas nan konsomasyon enèji, men tou ki konekte ak sèvis ki ede rezidan yo pwospere."

**PDG Better Community Neighborhoods Inc., Matthew Nelson, te deklare,** "Elmer Gardens se yon rapèl pwisan ke chanjman enpòtan rive atravè patenarya. Nou fyè pou nou travay ansanm ak Home Leasing, Administrasyon Hochul la, Vil Schenectady, ak anpil patnè angaje pou nou bay lojman ki gen kalite siperyè pou granmoun aje yo tout pandan n ap bay yon nouvo souf nan yon resous istorik kominotè. Ansanm, n ap ranfòse katye yo epi kreye kay kote granmoun aje yo ka devlope byen."

**Vis Prezidan ak Responsab Ipotèk, Community Preservation Corporation, Miriam Zinter, te deklare,** "Elmer Gardens se yon egzanp remakab sou kijan yon re-estimanman byen reflechi ka bay yon nouvo lavi nan yon bilding istorik tout pandan l ap satisfè bezwen lojman reyèl yon kominote a. Transfòmasyon ansyen lekòl sa a an yon bèl kay abòdab pou granmoun aje yo reflète kalite travay ki gen enpak ke CPC fyè pou l defann. Nou pwofondman rekonesan anvè HCR, Home Leasing, Red Stone Equity Partners, ak tout patnè nou yo ki te ede fè pwojè sa a tounen yon reyalite avèk devouman ak kolaborasyon yo."

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòkè yo. Depi ane fiskal 23 a, Gouvènè a te travay pou ogmante rezèv lojman atravè prèske 4 milya dola nan estimanman sibler, yon Plan Lojman konplè, epi li te aplike nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyete kay. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, HCR te kreye nouvo pwogram ki te lanse devlopman kay abòdab ak kay pou moun ki gen revni miks — pou alafwa lokatè ak pou moun k ap achte kay yo. Sa yo enkli Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) an, ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Kounye a, plis pase 400 kominote te resevwa sètifikasyon an Favè Lojman, enkli vil Schenectady.

Bidjè Ane Fiskal 2027 Adopte konplete Plan Lojman senkan, 25 milya dola Gouvènè a pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 77,000 kay jiska dat. Bidjè Egzekitif la envesti tou 250 milyon dola pou akselere konstriksyon lojman abòdab pou akselere konstriksyon plizyè milye lòt kay abòdab.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)